

5 oktòb 2020

Chè fanmi,

Mwen espere oumenm ak pwòch ou ansante ak ansekirite.

Maten an, nou te ekri ou pou pataje plan pou fèmen lekòl pitit ou a Mèkredi 7 oktòb la, pou fè tranzisyon nan ansèyman ak aprantisaj totalman adistans. Se paske lekòl pitit ou a loje nan youn nan nèf kòd postal nan Brooklyn ak Queens ki gen pousantaj ki wo pou transmisyon COVID-19.

Apremidi a, Eta Nouyòk anonse fèmti bilding lekòl yo nan kòd postal sa yo pral fèt kounye a apati demen, Madi, 6 oktòb. **Sa vle di ke apati** Madi, 6 oktòb, **pitit ou a pral nan aprantisaj totalman adistans** pou yon premye peryòd de semèn. Lidèchip lekòl pitit ou a ak pwofesè li gen pou kominike avèk ou tousuit, lè w ap konnen tou pwochen etap enpòtan yo.

Vil la ap pran etap sa yo pou asire ke nou ka kontwòle pwopagasyon koronavirus la nan kominote nou yo. Lè pousantaj transmisyon viris la diminye pou vin mwens pase 3%, lè sa a lekòl pitit ou a ka reouvri — byen vit tankou Mèkredi 21 oktòb. Si pousantaj transmisyon yo pèsiste pi wo pase 3% nan kòd postal sa yo, Majistra a pwopoze pou kenbe bilding lekòl yo fèmen ak lòt prekosyon an plas pou yon dire pi long. N ap kenbe w enfòmè sou dènye nouvèl sou tout detay enpòtan ki gen pou wè avèk fèmti lekòl— ladan reouvèti lekòl.

Li enpòtan pou konnen pa gen okenn prèv ki montre lekòl nan kòd postal sa yo te gen yon ogmantasyon nan ka pozitif, ni pa gen okenn bagay ki montre pousantaj ka kowonaviris ogmante nan katye sa yo akòz bilding lekòl yo ki ouvri. Etap pou fèmen bilding lekòl yo se youn nan anpil etap n ap pran pou ede diminye transmisyon viris la nan kòd postal espesifik sa yo.

Nèf kòd postal yo, mete ansanm gen apeprè 100 bilding lekòl DOE, se:

Vwazinaj	Kòd postal
Edgemere/Far Rockaway	11691
Borough Park	11219
Gravesend/Homecrest	11223
Midwood	11230
Bensonhurst/Mapleton	11204
Flatlands/Midwood	11210
Gerritsen Beach/Homecrest/ Sheepshead Bay	11229
Kew Gardens	11415
Kew Gardens Hills/Pomonok	11367

Kòm alòdinè, tanpri konnen ke nou la pou sipòte elèv ak lekòl ou a nan tranzisyon sa a. Nou pral pran tout etap ki nesèsè yo pou asire pwofesè ka anseye yon fason dinamik ak efektiv pandan y ap adistans lan. Nou pran angajman pou ekselans akademik pou pitit ou—kèlkeswa kote y ap aprann lan.

Majistra a ak mwenmenm konsidere sante ak sekirite fanmi ou, ak sante ak sekirite tout moun nan kominote lekòl ou a, pou se pi gwo priyorite nou, epi nou pran angajman pou nou kenbe sa kòm premye bagay nan tout sa n ap fè. Mwen konnen lè nou travay ansanm, nou ka kontinye konbat COVID-19.

Sa depann sou nou tout, kèlkeswa kote nou ye a, pou nou kontinye fè etap nou konnen ki enpòtan anpil pou anpeche pwopaje viris sa a. Sonje "Kat bagay debaz" yo: lave men ou, mete yon bagay pou kouvri figi w, kenbe sis pye distans avèk lòt moun, epi rete lakay ou si w santi w malad. Sa yo se etap enpòtan noutout kapab pran chak jou.

Nou pral kontinye pataje enfòmasyon sou tranzisyon sa a pou aprantisaj adistans lan. Kèlkeswa sa l ye a, n ap kontinye tou sipòte oumenm ak tout moun nan fanmi DOE a san mank, pandan kriz sante piblik sa a ap kontinye evolye. Tanpri pa ezite kontakte lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk